

Tretman COVID-19 Yo Disponib

Tretman COVID-19 yo kapab bese kantite viris nan kò ou, redui sentòm yo ak ede ou evite yon sejou nan lopital. Tretman an mache pi byen lè ou kòmanse li yon ti tan apre w fin malad, donk li enpòtan pou w fè tès tousuit si ou gen sentòm.

Si tès ou a pozitif, rele pwofesyonèl swen sante w la oswa rele nan 212-268-4319 pou w poze kesyon sou tretman an.

Ki kalite tretman ki disponib?

Antiviral nan bouch (grenn moun ka pran pandan senk jou) se kalite tretman moun plis konnen. Moun ki gen 12 lane e plis ki gen sentòm yo ki te kòmanse nan senk (5) dènye jou yo kapab pran tretman antiviral nan bouch la, si yo elijib.

Moun ki gen mwens pase 12 lane oswa sila yo ki pa kapab pran antiviral nan bouch yo ka an mezi pou yo pran lòt kalite tretman yo.

Kiyès ki elijib pou tretman an?

Moun ki te teste pozitif pou COVID-19 (k ap itilize nenpòt kalite tès) epi ki gen sentòm ka elijib pou tretman an.

Poze kesyon sou tretman an, sitou si ou:

- Gen 65 lane e plis
- Gen pwoblèm sante ki kache, tankou twòp gwosè, dyabèt, pwoblèm kè, pwoblèm poumon, maladi ren, sistèm iminitè afebli, oswa ou ansent

Di pwofesyonèl swen sante w la sa si w ap pran medikaman, piske li ka fè enpak sou kalite tretman ou kapab pran an.

Kijan m ap jwenn tretman an?

Si tès ou pozitif, rele pwofesyonèl swen sante w la tousuit. Pwofesyonèl swen sante w la kapab preskri w tretman antiviral nan bouch si w elijib oswa li kapab ede w jwenn lòt opsyon tretman.

Epitou, ou kapab:

- Jwenn yon sit "Test & Treat" (Fè Tès pou Fè Tretman) nan NYC Health + Hospitals sou nyc.gov/covidtest oswa lè w rele nan 212-268-4319 oswa **311**.
- Ale nan zouti lokalizasyon federal "Test to Treat" (Fè Tès pou Fè Tretman) la sou aspr.hhs.gov/TestToTreat.

Konbyen tretman an koute?

Tretman antiviral nan bouch la gratis kounye a. Ka gen yon frè pou lòt kalite tretman yo — verifye avèk etablisman k ap fè tretman an oswa plan sante w la pou konnen si w ap bay frè. NYC Health + Hospitals ap bay swen kèlkeswa estati imigrasyon yon moun oswa kapasite li pou peye.



Vaksinasyon se pi bon mwayen pou pwoteje tèt ou, fanmi ou ak kominote ou kont COVID-19. Pou w jwenn yon sit vaksinasyon, ale sou nyc.gov/vaccinefinder oswa rele nan 877-829-4692.